*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№56-57
(9699-9700)

2015 соналъул
19 июнь

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

# БАРАКАТАБ БАТАГИ, РАМАЗАН МОЦI!

## РАХIМАТАЛ ЦIЦIИКIАРАБЛЪУН БАТАГИ!

Ассаламу гIалейкум, диналъул вацал ва яцал! Нилъ жанире лъугьана ТIадегIанав Аллагьас нилъее рахIматлъун бижараб хирияб ва даража тIадегIанаб Рамазан моцIалъулъе. Щивав буссурманчиясул фарзлъун ккола гьеб моцI фаризаял кIалал ккоялдалъунги, садакъаби гьариялдалъунги, цIикIкIун цогидал гIибадататздалъунги цIикIкIун Аллагьасдаса хIинкъиялдалъунги кIодо гьаби.

ТIадегIанав Аллагьас исанасеб Рамазан гьабейги рахIматал цIикIкIараблъунги, гIадамазда гьоркьоб мацIихъанлъи, гьибат-бугьтан гIадал Аллагьас нагIана кьурал пищаби тIагIараблъунги ва дунялго, хасго нилъер район, Дагъистан ва улкагоги ргъазул балагьаздаса цIунараблъунги!

Хирияв районалъул буссурбаби, рахIматазул моцI Рамазан бачIин нужеда баркулаго, дица кinaзего гьарула щулияб сахлъиги, гIаданлъигун иман цIикIкIараб ва тIабигIиялгун инсанасулал балагьаздаса цIунараб ва бищунго аслияб Аллагьасдасан хIинкъараб гIумру. Амин!

**МУХIАМАДНУР-ХIАЖИ,**
**районалъул къади .**



## БАРАКАТАБЛЪУН БАТАГИ!

ТIаде щвана хирияб ва рахIматал цIикIкIараб Рамазан моцI. Гьеб моцIалъ хасаб бакI ккола гIадамазулъ иман щула гьабиялъулъги, гьезул чорхолъ рухIиялгун нравственниял бечелъабазул гIемерисел хасиятал цIи гьариялъулъги. Гьеб гуребги гьелъ щивав буссурбанав чи ургъизе тIамула хIалал-хIарамлъиялда ва жиде-жидер хьвада-чIвадиялда тIад. Гьеб кинабгоялъул хIасилалда гьелъ кIудияб квербакъи гьабула общество гъункизабиялъеги, гьеб щула гьабиялъеги ва цебетIеялъеги. Гьеб кинабгоялде тIадеги гьеб моцI ккола инсанасул бищунго кIудияб нигIматлъун кколеб сахлъи кIал кквеялдалъун щулалъизабулеблъун.

Баркула киназдаго Рамазан байбихьи! Баракатаблъун батаги гьеб! Сахаб, талихIаб, рохалилаб гIумру, талихI ва лъикIалщинал ишазулъ икъбал буголъи нужее, районалъул буссурбаби!

**М. ПАТХIУЛАЕВ,**
**районалъул бетIер.**

## БАРКУЛА, ЦIИЯЛ ХЪУЛУХЪАЛ!

ТIасутIа росдал жамагIаталъ, гIолилаз ракI-ракIалъ баркулеб буго Аслудинов МухIамадгIали Мусайтовичасда МахIачхъала шагьаралъул Советскияб РОВДялъул начальниклъун тIами.

МухIамадгIали Мусайтович гIемерал соназ хIалтIана Гъизляр шагьаралъул ГОВДялъул начальникасул тIоцевесев заместительлъун.

Гьединго баркулеб буго СагIитов Даци Рамазановичасда Болъихъ районалъул Федералияб судалъул председательлъун тIами.

Даци Рамазанович гIемерал соназ хIалтIана Болъихъ районалъул Федералияв судьялъун.

Гьарула гьезие щулияб сахлъи, хьизаналъулаб талихI, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби!

**ТIасутIа росдал жамагIаталъул ва гIолилазул цIаралдаса хьвана гьеб росдал гьоркьохъеб школалъул учитель МухIамадбегов МухIамадица.**

## Объявлен конкурс

В связи с актуальностью темы и большим вниманием, которое уделяется руководством республики организации информационного противодействия идеологии экстремизма и терроризма.

В 2015 году Министерством печати и информации РД объявлен республиканский конкурс по антитеррористической тематике на лучшую теле- и радиопрограмму, телевизионный фильм, журналистскую работу.

Объявление и Положение о конкурсе размещены на официальном сайте Мининформа РД в разделе «Гранты и творческие конкурсы».

- периодически (раз в месяц) опубликовать объявление о конкурсе;
- обеспечить участие в конкурсе журналистов Вашего СМИ.

**МИНИСТР А. Аджиев**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Алак

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Алак» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «село Алак» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Алак» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов З. Заурбеков**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Ашали

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Ашали» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «село Ашали» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Ашали» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов Д. Абдуллайсов**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Гагатли

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Гагатли» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «село Гагатли» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Гагатли» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов И. Хизбулаев**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Миарсо

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Миарсо» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «село Миарсо» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Миарсо» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов Р. Муртазалиев**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Нижнее Инхело

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Нижнее Инхело» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «село Нижнее Инхело» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Нижнее Инхело» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов М. Лабазанов**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Рахата

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Рахата» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «село Рахата» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Рахата» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов Ш. Шахбанов**

## Решение

17.06.2015г. №15 с.Тлох

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Тлох» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «село Тлох» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Тлох» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов Д. Сайпулаев**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Анди

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Андийский» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «сельсовет Андийский» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Андийский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов А. Алиханов**



## Решение

17.06.2015г. №15 с. Ансалта

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Ансалтинский» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «сельсовет Ансалтинский» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Ансалтинский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов Г. Гайдарбеков**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Годобери

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Годоберинский» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «сельсовет Годоберинский» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Годоберинский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов У. Магомаев**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Муни

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Мунинский» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «сельсовет Мунинский» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Мунинский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов И. Идрисов**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Рикванi

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Рикванинский» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «сельсовет Рикванинский» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Рикванинский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов К. Надирбегов**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Хелетури

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Хелетуринский» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «сельсовет Хелетуринский» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Хелетуринский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов М. Мусаев**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Шодрода

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Шодродинский» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «сельсовет Шодродинский» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Шодродинский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов Ш. Абдурашидов**

## Решение

17.06.2015г. №15 с. Чанко

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Чанковский » пятого созыва

В соответствии с п. 5 и 6 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» участковая избирательная комиссия №0209, на которую возложены полномочия избирательной комиссии сельского поселения «сельсовет Чанковский» **решило:**

Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Чанковский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Участковой избирательной комиссии №0209 А. Байсулаев**

## Решение

19.06.2015г. №15 с. Ботлих

О назначении выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Ботлихский» шестого созыва

В соответствии с п. 1 и 5 статьи 12 Закона РД «О муниципальных выборах в республике Дагестан» собрание депутатов сельского поселения «сельсовет Ботлихский» **решило**:

1. Назначить выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Ботлихский» шестого созыва на 13 сентября 2015 года.

2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов М. Омаров**

# Гьидаят



№20
1435 с. Рамадан

Молодежная исламская газета


## Районалъул имамасул хитIаб



***МухIамаднур-хIажи Къурбанов гьавуна 1973 соналъ Инхело росулъ.***

***ГьитIинаб къоялдасанго исламалда куцана гьев эбел-инсуца. ЦIалана чIахIиял гIалимзабазда цеве. 7 соналъ хIалтIана МухIамаднур-хIажи Дагъистаналъул исламияб институталъул деканлъун. Гьес дарсал кьола Болъихъ, ГIахьвахъ ва ЦIумада районазул росабазул имамзабазе.***

***МухIамаднур-хIажи Къурбанов ккола нилъер Болъихъ районалъул имамлъун.***

***Гьединго гьев ккола мугIрузул анлъабго районалъул исламияв куратор.***

Аллагьасе буго щибаб рецц жиндаго лъалеб къадаралда, цебе ккун нилъеца гьабураб лъикIлъи гьечIониги нилъ динул исламалде тIоритIарав. Салат салам лъеги нилъер Аварагасда Авараглъиялъул (с.т.гI.в) нуралъ муъминзабазул ракIал гвангъизабурав. Гьединго асхIабзаби табигIиназдаги лъеги жидер рухIазда барахщичIого нилъехъе исламалъул нур босун рачIарал.

Халикъас гьаб ракьги, ракьалда тIад бугеб щинабги бижана инсанасе хъулухъалъе, инсанги вижана жиндий хъулухъалъе ва гьесдасан тIалаб гьабулебги ккола жиндий тIагIат гIибадат гьаби.

Гьеб малъизе ритIаралги ккола Аварагзаби. Гьез ракьалда тарабги ккола гIелму, жиндалъун дунялги Ахиратги гьабизе лъалеб.

ГIелму буго инсанасе инсанлъи чIезабулеб жоги гьев цойги жоялдаса ватIа вахъулеб жоги ва тIадегIан гьабулеб жоги.

Гьединлъидал дий бокьун буго нужеда ва нилъедаго абизе кIвар буссинабизе кколин гIелмуялдеян.

Лъимал мадрасабазде ритIун ва нильго исана бугеб. «ГIаммаб дарс» абураб гIелмуялъул дарсиде хьвадун ва Аварагасул хIадис буго (с.т.гI.в) гIелму тIалаб гьаби фарз ккола щибав буссурманчиясдаги ва буссурманай чIужугIаданалдаги. Гьеб гIелмуги ккола инсанасул хIалалда хурхараб гIелму, иман, ислам, ихссан ва сунат.

Аварагасул (с.т.гI.в) хIадис буго лъаралда гIамал гьабун щив чи вугониги жинца гьесий лъаларебги гIелму кьелин. Гьелдаги гIамал гьабун, гьелъухъ гьесий кири ажру щвезе бокьун гьанжегIаги нилъейги щун гьечIищ гIелмуялда нахъ рилълъун хьвадизе замана мажгитал рагьунги 25 сон бугелъул. Дидани ракIалде ккола гьанже нилъеца кIвар гьелде буссинабизе кколин. Щивав инсанас жиндилъго бихьизабизе кколилан шаригIатгун тIарикъат. Аллагьасеги Расуласеги мутIигIлъун щибаб хIалалъулъ.

Аллагь (СубхIаналлагь ТагIала) разилъулеб гIамал нахъе тIамичIого, гьелде хехлъи гьабун нилъеда киназдаго бихьулеб буго нилъер тохлъиялъул, нилъер кIвар гьечIолъиялъул хIасилалда исламалъул иш цIакъ хIинцго цебехун унеб букIин.

Исанаго хIалтIизе биччазе рес бугеб мадраса, хIалтIизе биччачIого нахъ бахъулеб бугеб чамалиго соналъ. Исанаго Къуръан цIализе лъазабизе ритIизе рес бугел лъимал, гIиси-бикъинал гIиллабаздалъун чIезарулел руго ва цIализе кватIизарулел руго.

Щибаб жоялъулъ гIадамазулъ нилъехъ загьирлъулеб буго кIвар гьечIолъи, кIвахIаллъи, хIинкъи, таваккал гьечIолъи. Гьал жал ккола нилъеца жиндаса нилъ цIунагиян дугIа гьаризе кколел тIабигIатаздасан.

Аллагь (СубхIаналлагь ТагIала) разилъаяв Имам гъазалиясги хъвалеб буго:

Дунялалдехун гIадин ахираталдехун кIвар цIикIкIунеб букIарабани, халкъалда ахираталъе гIемераб жо гьабун бажарилаанила, ай гьезухъа гьабун бажарулареб жо диналъул букIинароанилан дунялалъулъ гьечIеб гIадин бажарулареб жо гьаваялдаги ракьалдаги тIад.

Аллагьас (СубхIаналлагь ТагIала) къабул гьареги нилъер киназулго гьарулел щинал лъикIал гIамалал жиндирго цIоб рахIматалдалъун.

## КИРИГИ ТIАДЕГIАНАБ, РАХIМАТГИ ЦIИКIКIАРАБ



Ассаламу гIалайкум ва ррахIматуллагьи тагIала ва баракатугьу.

КIал ккьей буго Аллагьас гьаб дунялалдаги ахираталдаги инсанасе пайдаялъе кьураб гIибадат. ТIадеялдаса тIаде цIикIкIунел руго кIал ккьеялъ инсанасул сахлъиялъе кьолеб пайдаялъул бицунел гIелмиял кьучIал баянал. Германиялъул гIалимзабаз чIезабуна гIемер кванарабгIан инсанасул гIумру къокълъулеб букIин. Цо къоялъ ракъун чIеялъ анцIго къоялъе сахлъи кьолеб буго. КIал ккьеялъ черх унтабаздаса сах гьабулеб буго.

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго (магIна): «КIал ккьезе нужее лъикIаб буго, нужеда лъалебани»,-ян. Цогидаб аяталда абун буго (магIна): «Нуж Аллагьасукьа хIинкъулеллъун лъугIиналда хьул буго»-ян. ГIелмуялъ чIезабун буго кIал ккьеялъул бищунго цIикIкIараб пайда Аллагьасукьа хIинкъи щула гьаби бугилан.

Аварагас (гI.с.с.) бицана Аллагьас абунилан: «ГIадамил лъимадул цо лъикIаб гIамалалъухъ 10-ялдаса 700-ялде щвезегIан ажру кьезе буго, кIалалъухъ хутIизегIан. КIал ккьей буго Дие, гьелъухъ ажру-кириги Дица гьабила. КIал ккурав чияс квенги лъимги шагьватги Дие гIоло толел рукIиналъе гIоло. КIал ккурав чиясе Дир рахъалдасан кIиго рохел буго: Цояб-гьес кIал биччалеб мехалъ, цогидаб-гьев БетIергьанасда цеве эхетараб мехалъ». (Бухари).

Аллагьасул калам Къуръаналда буго (магIна):

«Я гьал иман лъурал гIадамал, нужеда кIал ккьей паризаяблъун гьабун буго, нужеда церехун рукIарал умматазда гьабун букIараб гIадин» («Бакъара» 183ст.)

МухIамадил умматалда ТIадегIанав Аллагьас кIал ккьей тIадаблъун гьабуна гьижрияб тарихалъул 2 абилеб соналъул ШагIбан моцIалда Рамазан моцI ккола гьаб дунялалдаги ахираталдаги талихI тIалаб гьабизе Аллагьас гIадамазе рес кьураб рахIматалъул моцIлъун (АхIмад. Байгьакъи).

Аварагас (гI.с.с.) абуна: «ХIакълъунго, Алжаналъуб буго райи»-ян абураб рагьу. Къиямасеб къоялда гьеб рагьдухъан ине руго Рамазан моцIалъ кIал ккурал гIадамал. «Кир ругел нуж, кIал ккурал гIадамал?»-илан цIехолеб буго ва гьел тIаде рахъине руго.

## РУЗНАМА

ВРЕМЕНА ИЮЛЬ МОЛИТВ

| Дата | 1 | ☺ | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 1:59 | 4:11 | 11:59 | 16:02 | 19:36 | 21:29 |
| 2 | 2:00 | 4:12 | 12:00 | 16:02 | 19:36 | 21:29 |
| 3 | 2:01 | 4:12 | 12:00 | 16:02 | 19:36 | 21:28 |
| 4 | 2:02 | 4:13 | 12:00 | 16:02 | 19:36 | 21:28 |
| 5 | 2:03 | 4:14 | 12:00 | 16:02 | 19:35 | 21:27 |
| 6 | 2:04 | 4:14 | 12:00 | 16:02 | 19:35 | 21:27 |
| 7 | 2:06 | 4:15 | 12:00 | 16:02 | 19:35 | 21:26 |
| 8 | 2:07 | 4:16 | 12:01 | 16:02 | 19:34 | 21:26 |
| 9 | 2:08 | 4:16 | 12:01 | 16:02 | 19:34 | 21:25 |
| 10 | 2:10 | 4:17 | 12:01 | 16:02 | 19:33 | 21:25 |
| 11 | 2:11 | 4:18 | 12:01 | 16:02 | 19:33 | 21:25 |
| 12 | 2:12 | 4:19 | 12:01 | 16:02 | 19:32 | 21:24 |
| 13 | 2:13 | 4:19 | 12:01 | 16:02 | 19:32 | 21:24 |
| 14 | 2:15 | 4:20 | 12:01 | 16:02 | 19:31 | 21:23 |
| 15 | 2:17 | 4:21 | 12:02 | 16:02 | 19:31 | 21:23 |
| 16 | 2:18 | 4:22 | 12:02 | 16:02 | 19:30 | 21:22 |
| 17 | 2:20 | 4:23 | 12:02 | 16:02 | 19:29 | 21:22 |
| 18 | 2:21 | 4:24 | 12:02 | 16:02 | 19:28 | 21:21 |
| 19 | 2:23 | 4:24 | 12:02 | 16:02 | 19:28 | 21:20 |
| 20 | 2:25 | 4:25 | 12:02 | 16:02 | 19:27 | 21:19 |
| 21 | 2:26 | 4:26 | 12:02 | 16:01 | 19:26 | 21:18 |
| 22 | 2:28 | 4:27 | 12:02 | 16:01 | 19:25 | 21:17 |
| 23 | 2:30 | 4:28 | 12:02 | 16:01 | 19:24 | 21:16 |
| 24 | 2:31 | 4:29 | 12:02 | 16:00 | 19:23 | 21:14 |
| 25 | 2:33 | 4:30 | 12:02 | 16:00 | 19:22 | 21:13 |
| 26 | 2:35 | 4:31 | 12:02 | 16:00 | 19:21 | 21:11 |
| 27 | 2:36 | 4:32 | 12:02 | 16:00 | 19:20 | 21:09 |
| 28 | 2:38 | 4:33 | 12:02 | 16:00 | 19:19 | 21:08 |
| 29 | 2:40 | 4:34 | 12:02 | 15:59 | 19:18 | 21:06 |
| 30 | 2:42 | 4:35 | 12:02 | 15:59 | 19:17 | 21:04 |
| 31 | 2:43 | 4:36 | 12:02 | 15:58 | 19:16 | 21:03 |



## КИРИГИ ТIАДЕГIАНАБ, РАХIМАТГИ ЦIИКIКIАРАБ



Гьел жанире араб мехалъ гьеб рагьу къазе буго ва гьениса тIокIав чи жаниве лъугьине гьечIо»-ян. (Сагьлидасан бицараб).

КIал ккьезе хIалкIолареб хIалалда унтун вугев ва кIал ккьейгун цадахъ гьеб унти цIикIкIунеб бугони, хIалалаб сапаралда вукIун кIал ккьезе захIмалъани, гьеб сабаблъун жинца кIалги биххани, цогидал къояз бецIун ккьеян абулеб буго нилъеда ТIадегIанав Аллагьас.

Салман Фарисияс (р.гI.) бицана МухIаммад аварагас (гI.с.с.) абунилан: «Я гIадамал, тIаде щолеб буго тIадегIанаб ва хирияб Рамазан моцI, жинда жаниб азарго моцIалдасаги лъикIаб сордо бугеб (83 соналдасаги хирияб моцI»)/

Аллагьас нилъеда паризаяблъун гьабуна гьеб моцIалъ паризаяб кIал ккьезе. Гьебги ккола рогьалилги маркIачIулги каказда гьоркьоб заманалда ва боголил какда хадур таравихIазул суннатал какалги разе.

«Рамазан моцI бачIарабго Аварагас (гI.с.с) асхIабзабазда рохел бицунаан ва абулаан: «Нужеде тIаде бачIун буго баракатаб моцI, жиндилъ кIал ккьезе нилъее паризаяблъунги гьабураб ва къаси тIаде рахъун сордо чIаго гьабизе суннатаблъунги гьабураб. Рамазан моцI бачIарабго алжаналъул нуцIби, каваби рагьула ва жужахIалъул нуцIби къала. Гьеб моцIалъ щайтIабиги рухьуна. Аллагьас гьеб моцI гьабун буго баракатаблъунги ва къадру цIикIкIараблъунги. Гьеб моцI ккола гIадамаз цоцае буголъиялдалъун кумек гьабулеблъунги, муъминчиясул рикъзи цIикIкIулеблъунги, кIал ккурав кваназавурасе щола цо чи тархъан гьавурасе щолеб гIадаб кириги, кIал ккурав гIорцIизавурасе, яги гьекъезе лъим кьурасе Аллагьас кьола жинда хадуб киданиги къечолареб гьекъолеб жо».

Салман Фарисияс (р.гI.) бицараб.

«КIал буго жужахIалдасан цIунулеб къолден, кIал ккурасул кIалдиса бачIунеб махIги Аллагьасда аскIоб цIикIкIун лъикIаб буго мискалдасаги. Нужер цонигияс кIал ккун вугеб мехалда хъубал жал абуге, шаргIалъул гIорхъолъан къватIире лъугьунге.

Цониги чи кIал ккун вугесда вагьани яги хьанданани, гьес абе дун кIал ккун вуго»,-ян абун буго Аварагасул (гI.с.с) хIадисалда. (Тирмизияс бицараб).

Рамазан моцI буго сабруялъул моцI. Гьеб моцIалда инсанасулъ гIезе ккола сабру, хасго цоцада гьоркьоб. ТIадегIанав Аллагьасе жиндирго лагъзадерил бищунго бокьулареб жо буго гьез цоцадаса мацI гьаби, гьибат-бугьтан хIалтIизаби. Гьеб моцIалъ гьарурал гIассиял пишабазе Аллагьасул рахъалдаса щолеб мунагь 70 нухалъ цIикIкIараб буго ва гьезул ккурал кIалалги, рарал какалги ва цогидал суннатал гIибадаталги Аллагьас къабул гьаруларо.

Аллагьасул Расуласул (гI.с.с.) хIадисалда буго (магIна): «КIал ккун вугесе, гьеб биччазе мех щведал квен кьурасул мунагьал чурула. Гьев жужахIалъул цIаялдасан хвасар гьавула, гьесие доб кIал ккурасего гIанасеб кириги щола»,-ян (ккурасе кигIан дагьалъги мукъсанлъичIого). Гьеб заманалда асхIабзабаз абуна: «Я Расулуллагь! Нижер киназулго гуро рес бугеб кIал ккурал гIадамал рокъореги рачун кваназаризе»,-ян. Расулуллагьас (гI.с.с.) данде жаваб гьабуна: «Аллагьас кири кьола кIал ккурав чиясе гьеб биччазе, хIатта, цо чамасдак, цо нухалъ къулчIизегIанасеб лъим яги рахь кьурасеги»,-ян.

(Салман Фарисияс бицараб) .

Суннатаб буго Рамазан моцI чIаго гьабиялда тIадчIезе. ЦIакъго лъикI букIуна садакъаби гьаризе. Нилъер Аварагасул (гI.с.с) хIадисалда буго: (магIна): «Диналъул вацасе гьимиги садакъа буго. ЛъикIалдалъун амру гьабиги ва квешалдаса нагью гьабиги садакъа буго. Нух къосун ккарасе нух бихьизабиги садакъа буго. Бецщав чиясе кумек гьабиги садакъа буго. Нухдаса гIадамазе квал-квал гьабулеб гамачI, заз-хъарахъ, ракьа нахъе рехиги садакъа буго. Дурго парччиялъуса цогидасул парччиялъубе лъим тIейги садакъа буго»,-ян.

(Тирмизияс бицараб)

Рамазан чIаго гьабизе ккола къад кIал ккьеялдалъунги къаси таравихIазул какал раялдалъунги ва цогидал суннатал гIибадатаздалъунги. ЦIикIкIун цIализе ккола Къуръан цIикIкIун рехсезе ккола Аллагь ва Авараг (гI.с.с) ТIадчIчIей гьабизе лъикI буго «Ла иллагьа илла Ллагь» ва «Астагьфируллагь» цIикIкIун абиялда ва гьединго дунялалдаги ахираталдаги талихI кьеян ва жужахIалъул цIаялдаса цIунеян гьари-дугIаялдаги.

ТIадегIанав Аллагьас нилъер районалъеги, республикаялъеги ва улкаялъегоги цIикIкIун баракатаблъунги, рахIмат-цIобалдалъун бечедаблъунги, бусурбабазулъ Аллагьасдасан хIинкъи, иман, яхI-намус ва гIаданлъи щула гьабулеблъунги, гIадамазда гьоркьоб рокьихинлъи цIикIкIинабулеблъунги ва тIабигIиялгун инсанасулал балагьаздасан цIунигун бачIун батаги исанасеб Рамазан! Амин!

Районалъул киналго бусурбабазда баркула Рамазан бачIин. Гьарула щулияб сахлъи, талихI ва Аллагьасухъан хIакъикъияб хIинкъи.

***Исламияв гIалим, АхIмадудин-хIажи.***

## РАМАЗАНАЛЪУЛ ТАРАВИХIАЗУЛ КАКАЛ

КIал ккколеб моцIалда ралел таравихIазул какал руго кIвар кьун разе ккколел суннатал какал. Гьезул гIужги чIезабун буго боголил как бан лъугIиндал байбихьун хъахIлъи биччазегIан. Амма гьезул тIаса бищараб гIуж байбихьула сардил ункъго бутIаялъул цо бутIа аралдаса. ЦIакъго хирияблъун бихьизабун буго макьидаса тIадеги рахъун рай.

Амма исламияб дунялалдаго гIадатлъун билълъанхъизабун буго боголил какда хадусеб ратибат бан лъугIарабго таравихIазул какал байбихьулел.

ТаравихIиял каказул хиралъиялъул бицунелъуб исламияб гIелмуялъулъ бихьизабун буго: «ТIадегIанав Аллагьасул буго жиб нуралдалъун бугеб «ХIазиратул Къудси» абураб бакIалда руго Аллагьасда гурого жидер рикIкIен лъаларел, цо лахIзаталъниги гьапуллъичIого Аллагьасе гIибадат гьабулел малаикзаби. Гьез, Рамазан моцIрол сардазда МухIаммадил умматалъ ралел ругел таравихIазул каказулъ гIахьаллъи гьабизе, изну гьарулеб буго ТIадегIанав БетIергьанасда. Гьенир гьел малаикзабазда, яги гьел жинда хъварав чи талихIавлъун лъугьуна»,-ян.

Гьеб рохел рагIиндал, ГIумар-асхIабас (р.гI.) абуна: «Нилъ цIикIкIун мустахIикъал руго гьеб хиралъиялъе ва ажруялъе»,-ян. Гьеле, гьелдаса нахъе буго, халкъ жамагIат гьабун таравихIазул какал разе, ГIумарица (р.гI.) данде гьабураб.

ТаравихIазул какал рала кIи-кIи ракагIат ккун гIаммаб къадаралда 8 яги 20 ракагIат. Щибаб кIиго ракагIат байдал саламги кьола. ТаравихIазул каказе ниятги гьабула гьадин: «Дица ният гьабуна таравихIазул суннатаб как базе ТIадегIанав Аллагьасе»,-ян. Бецщараб буго моцIрол таравихIазул каказулъ Къуръан цIалун лъугIинабизеги. ХIатта, гьеб суннатабгицин буго.



***-Кинха ралел таравихIазул какал?***

-Гьел раялъул буго гьадинаб низам: «Ассалата жамигIагь»,-ян ахIиялдалъун имамас байбихьула таравихIазул какал разе.

Имамасул гьеб ахIиялъе жаваб кьолаго киназго цадахъ абула: **Ла хIавла ва ла къуватта илла биллагь, Аллагьумма салли гIала МухIамадин ва гIала али МухIамадин ва салим. Аллагьумма инна насъалукал жанната ва гIазубика мина ннар»,-** ян.

Гьелдаса хадур киналго тIаде рахъуна таравихIазул тIоцебесеб кIиго ракагIат базе.

Гьебго жо абула тIоцебесеб, лъабабилеб, щуабилеб, анкьабилеб ва ичIабилеб как бан хадубги.

КIиабилеб, ункъабилеб, анлъабилеб, микьабилеб ва анцIабилеб как бан хадуб киназго цадахъ лъаб-лъаб нухалъ **«СубхIаналлагьи вал хIамдулиллагьи ва ла илагьа илла ллагьу валлагьу акбар. СубхIана ллагьи гIадада халкъигьи ва риза нафсигьи ва зината гIаршигьи ва мидада калиматигьи»**,-ян абила.

Лъабго нухалъ гьедин абун бахъарабго имамас «Ассалата жамигIагь»,-ян абун хадуб киназго цадахъ абила долго **«Ла хIавла ва ла къуввата илла биллагь, Аллагьумма салли гIала МухIаммадин ва гIала али МухIаммадин ва саллим. Аллагьумма инна насъалукал жанната ва нагIузубика мина ннар»**,-ян абурал азкарал.

ТаравихIазул какал ран хадубго байбихьула витрудул как. Гьеб бан лъугIарабго киназго цадахъ кIиго нухалъ: **«СубхIаналь маликил къуддус»**-ян абила.

Хадуб киназго дагьаб гьаркьидалъун: **СубхIаналлагьил маликил къуддус»**,-ян абила. Хадубги: **«СуббухIун къуддус Раббил малакати ва ррухI. СубхIана ман тIагIаззаза бил къудрати вал бакъаъ ва къагьарал гIибада билмавти вал фаналь. СубхIана раббика раббил гIиззати гIамма йасифун ва саламун гIалал мурсалина вал хIамду лиллагьи раббил гIаламина»**,-ян абила.

Хадубги лъабцIул абила: **«Лаилагьа илла анта, субхIанака инни кунту мина ззалимина»,-**ян.

Витрудул какда хадуб дугIаги гьабила.

ТаравихIазул какал разе цIакъ лъикI букIуна гIедегIичIого. ГIедегIун рай какун буго.

Рамазаналъул кIиабилеб бащалъи байбихьидал таравихIазул какал ран хадуб витруялда **«Магьдина»** цIализе суннатаблъун бихьизабун буго.

**«Щив чи вугониги Рамазан моцIалда сардилъ как базе тIаде вахъун, иманги лъун ва кири щвеялде хьулгун, гьев чиясул цере рукIарал мунагьал чурила Аллагьас»**,-ян буго хIадисалда (Бухариясги Муслимицаги бицараб. Гьелъиеги таравихIал разеги хIаракат бахъе.

Нагагь мажгиталде ине санагIат кколеб гьечIони рукъалъулго агьлугун цадахъ рукъор разеги бегьизабун буго жамагIатги гьабун.

ТIадегIанав Аллагьас тавпикъ кьейги нилъ киназего, Рамазан моцIалда цониги гьоркьобги биччачIого ва тIадегIанаб даражаялда таравихIалги ран ва сардилъ рахъун гIибадатги гьабун Аллагь рази гьавизе ва «гIор бачIиндал, цIул ккве»,-ян абухъего рес щварабго нилъеего кири босизеги! Амин!

***САЛИМ-ХIАЖИ, АнсалтIа росдал дибир.***

## 26 ИЮНЬ-МЕЖДУНАРОДНЫЙ ДЕНЬ БОРЬБЫ С НАРКОМАНИЕЙ

# «ДАГЕСТАН БЕЗ НАРКОТИКОВ»

**ОБРАЩЕНИЕ**
**Начальника Управления ФСКН России по Республике Дагестан**
**Энрика Селимовича Муслимова к молодежи республики**



**Дорогой друг!**

Сегодня каждый здравомыслящий дагестанец понимает, что проблема наркомании остро стоит и у нас. Не хочется приводить цифры о проделанной работе или об увеличении количества наркопотребителей и т.д. О них большинство из вас и так знает.

Хотелось бы, просто, поделиться своими мыслями о наркомании с молодыми людьми. С теми, кто только что стал выпускником школы и собирается поступить в другое учебное заведение, со студентами УЗов и учащимися школ. Одним словом, с теми, кто через несколько лет будет жить и трудиться в нашей республике. И от того, какими вы станете завтра, зависит то - какой путь вы выберете сегодня.

Дорогой друг, согласись, что нашу жизнь можно сравнить с поездом, у которого есть станция отправления и станция прибытия. Этот поезд давно в пути. Он стремительно мчится и напоминает, что время уходит от нас безвозмездно. Что делать? Задай себе вопрос и ты – для чего живешь? Есть ли у тебя конкретная цель и путь её достижения? Предполагаю, что многие скажут: «Как хочу, так и живу, это моя жизнь и ты туда не лезь. Хочу – сплю, хочу – ем, хочу – вообще ничего не делаю». Ответов, как вы понимаете, множество.

Но время слишком драгоценно, чтобы посвящать его «ничегонеделыванию» или совершению пустых и бессмысленных поступков. Ведь у каждого из нас только одна жизнь.

Не смотри на молодость и будь самостоятельным. Не бойся ошибаться, сам принимай решения. Пусть ты сделаешь что-то не так. Подумаешь и поймешь – исправишь.

Знай, никто за тебя не сможет жить, дружить, и, конечно, любить. Научись никогда не унывать. Научись падать, подниматься и начинать все с начала. Это и есть взрослеть, становиться сильным и самостоятельным.

Только не сделай роковой ошибки, не перейди границы, за которой не может быть ничего – никаких решений, никаких друзей, никакой жизни. Эта граница – наркотик.

ПОМНИ! НАРКОМАНИЯ – это пустые глаза, оживляющиеся только при виде шприца или таблетки!

ЭТО – атрофированные, глухонемые, бесчувственные и безнравственные души, единственным смыслом существования которых является поиск ядовитого зелья!

ЭТО – тела, корчащиеся в судорогах «ломки».

ЭТО – тяжелые поражения и мозга, и печени, и сердца, и всех внутренних органов.

Не выноси сам себе приговор. Если даже когда тебе очень трудно и покажется, что ничего хорошего в жизни не осталось, наркотики не только не решат твою проблему, а наоборот, создадут новые заботы, куда более серьёзные и страшные. Никогда не становись заложником этой отравы. И это будет твое решение, решение уже повзрослевшего человека.

ПОМНИ! НАРКОМАНИЯ - это дети, еще не родившиеся, но уже искалеченные в утробе матери, это – разрушенные семьи, невостребованные таланты, преданные чувства, сломанные судьбы! И все это – страшная плата за краткий миг искусственной, химической радости! Радости ложной, фальшивой, не имеющей ничего общего с подлинными человеческими радостями.

Наш поезд мчится дальше. В нем едут разные люди. Едешь в нем и ТЫ. У тебя есть хорошая возможность измениться в лучшую сторону. Не упускай её.

Подумай, прежде чем…

**Наркомания- это очень страшная болезнь, так как она выражается в болезненной зависимости от каких бы то ни было наркотических средств – будь то лекарства, анаша или же более тяжелые наркотики.**

# ВРЕД ОТ НАРКОТИКОВ

Наркоманы редко переживают 30- летний возраст. Обычно наркоманы становятся люди, у которых наблюдается упадок физических и душевных сил для того, чтобы бороться в жизни за свое место под солнцем. Абсолютно все исследователи сходятся во мнение, что наркомания наиболее опасна в подростковом возрасте, когда у человека только еще формируется мировоззрение. Дело заключается в том, что, начиная употреблять наркотики в восемнадцать лет, к двадцати годам человек становится «хроником», то есть он нуждается ежедневном потреблении своего допинга, шансов дожить до тридцати у него практически нет, даже если до начала своего пагубного пристрастия он отличался атлетическим здоровьем.

Наркоман в поисках денег на очередную дозу может пойти абсолютно на все – воровство, обман, а в некоторых случаях и на убийство. Как только он примет наркотики, ему становится немного легче. Именно за такое непродолжительное облегчение наркоман, зачастую даже сознательно лишает себя всех остальных радостей жизни. Принимая наркотик, человек попросту подписывает себе смертный приговор.

Наркоторговцам всегда нужны покупатели на их товар, люди, которые будут готовы выложить любую сумму за дозу. Часто, чтобы человек впервые попробовал наркотик, первая доза продается за незначительную сумму или же вовсе дается бесплатно. Наркоторговцы могут нарочно заслать своего агента в компанию подростков или школьников, чтобы он их «посадил на иглу». Они полны решимости сделать что угодно, чтобы хотя бы один их знакомый начал принимать или хотя бы раз попробовал эту отраву. Даже первая доза наркотика может оказаться смертельной.

Наркотики - это беда для здоровья.

Дети и подростки очень часто стали умирать из-за передозировки наркотиков. Распространенность наркоманов среди детей и подростков – беда очень многих родителей.

Увеличивается количество людей, которые употребляют летучие тактические вещества, например, разного рода растворители, средства для химической чистки одежды, вещества для борьбы с насекомыми и грызунами. При вдыхании паров таких веществ получается типичная картина отравления с определенными нарушениями деятельности центральной нервной системы. При не большой дозе таких веществ это заканчивается непродолжительным обмороком и галлюцинациями. При большой дозе может наступить смерть. Под постоянным воздействием наркотических веществ человек становится все более и более замкнутым, грубым, утрачивая родственные, дружеские и другие социальные связи, утрачивая практически все культурные и моральные ценности. Все это становится возможным из-за ярко выраженных нарушений центральной нервной системе и мозге.

Именно мозг – главная мишень наркотических средств. Многими ученными уже давно была установлена связь между нормальной деятельностью головного мозга и продолжительностью жизни. Также было выяснено, что все нарушения деятельности центральной нервной системы приводят к тому, что нарушается жизнедеятельность многочисленных органов и систем. Чем раньше приобщается организм к воздействию наркотических средств, тем гибельнее будет воздействие на него.

В России запрещено хранить наркотики – даже не большие дозы. Это преследуется по закону. Никогда не прикасайся к наркотикам, не бери их, не клади себе в карман, нигде не прячь. Учти, что наркомания – это болезнь, которая полностью меняет человеческую личность, делая человека подлым. Наркоман может дать наркотик на хранение и сам же донести на тебя, чтобы отвести от себя подозрение.

Ни под каким предлогом не пробуй наркотик. Если же это все таки с тобой произошло, то откажись от следующей дозы, чтобы не вызывать привыкание. Если же ты чувствуешь, что попал в сети наркомании, сразу же посоветуйся с теми из взрослых людей, кому ты доверяешь.

Консультации по вопросам оказания квалифицированной помощи в лечении и реабилитации наркозависимых осуществляется по «телефонам доверия»:

**1. Управление ФСКН России по Республике Дагестан:**
**ул. Абубакарова 115 «а» тел. 68-39-55 и 51-65-26.**

**2. Республиканский наркологический диспансер:**
**ул. Ш. Руставели 57 «в» тел. 63-06-17 (с 8 до 18 ч.) и 64-28-90 (круглосуточно).**

**3. Республиканский центр медицинской профилактики:**
**ул. Аскерханова 1 «а» тел. 64-34-91 и 64-34-36 (с 9 до 18 часов).**

**4. Аппарат антинаркотической комиссии в Республике Дагестан: тел. 51-72-28.**

**5. Ботлихский Межрайонный Отдел. 8 (271) 2-20-98 (круглосуточно).**

**Ботлихский Межрайонный отдел УФСКН России по РД**



# ПРОГРАММА

## Колонка прокурора

**Прокуратура района в судебном порядке потребовала от администрации сельских поселений принять меры по обеспечению доступа для инвалидов по зрению к информации, размещенной на официальном сайте в сети Интернет.**

Проведенной прокуратурой района проверкой установлено, что администрациями сельских поселений не обеспечивает свободный доступ к информации лицам, ограниченным по зрению.

В соответствии ст.15 Федерального закона от 24.11.1995 №181-ФЗ «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации» Правительство Российской Федерации, органы исполнительной власти субъектов Российской Федерации, органы местного самоуправления и организации независимо от организационно-правовых форм создают условия инвалидам (включая инвалидов, использующих кресла-коляски и собак проводников) для беспрепятственного доступа к объектам социальной инфраструктуры (жилым, общественным и производственным зданиям, строениям и сооружениям, спортивным сооружениям, местам отдыха, культурно - зрелищным и другим учреждениям) и.т.д.

Требования доступности для инвалидов по зрению, утвержденной Приказом Федерального агентства по техническому регулированию и метрологии – это возможность полноценного доступа инвалидов по зрению ко всем компонентам электронных ресурсов сети Интернет.

По результатам проверки прокуратура района обратилась с исковым заявлением в суд в интересах неопределенного круга лиц, об обязании АСП сельских поселений обеспечить доступ инвалидов по зрению к информации, размещенной на официальном сайте в сети Интернет.

---

**Прокуратура района в 2015 году направила в суд 7 уголовных дел по факту хранения и сбыта товаров и продукции, не отвечающим требованиям или здоровью потребителей.**

По фактам хранения и сбыта товаров и продукции, не отвечающим требованиям или здоровью потребителей Ботлихским МРСО СУ СК РФ по РД за истекший период 2015 года возбуждено 7 уголовных дел по ч.1 ст.238 УК РФ.

Уголовная ответственность за хранение и сбыт товаров и продукции, не отвечающим требованиям или здоровью потребителей предусмотрено наказание в виде штрафа в размере до трехсот тысяч рублей, либо обязательными работами на срок до трехсот шестидесяти часов, либо ограничением свободы на срок до двух лет, либо принудительными работами на срок до двух лет, либо лишением свободы на тот же срок.

По всем уголовным делам вынесены обвинительные приговора.

**И.О. прокурора района младший советник юстиции Д.А. Джабраилов**

# ЭКСКУРСИЯ БУКIАНА ПАТРИОТИКИЯБ ВА РУХIИЯБ РАХЪАЛЪА ПАЙДАЯБЛЪУН

Исанасеб сон Литературияб сон букIин хIисабалдеги босун, Шодрода росдал, ГIабдула ХIамидовасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалъул 9-11 классалъул цIалдохъаби, гьеб школалъул магIарул мацIалъул ва литератураялъул учитель ГIабдулгIазиз МухIамадовасул хIаракатчилъиялдалъун, цIалул соналъул ахиралда экскурсия гьабуна дунялалдаго цIар рагIарав шагIир Расулил ва гьединго машгьурав гьесул эмен ЦIадаса ХIамзатил рукъ-музеялде щведал.

БитIахъего гьесул минаялъул ункъго рукъ занкIун цIун бугоан музеялъе къваригIараб-тараб бечедаб материалалъ.

«Гьеб музей бихьидал, дидаракIалдеккана, жиндирго рокъоб камураб жо гьечIого музей рагьиялъе батилин ГIабасил МухIамадица сайгъат гьарурал жиндирго бищунго лъикIал гIумрудул гIолохъанлъиялъул сонал»,-ян жиндирго рекIел пикраби загьир гьаруна ГI.МухIамадовас.



Мунагьал чураяв, ГIабасил МухIамадил чIужу Савдатицаги ва гьелъул яцгIалалъул ясГIайшатицаги кутакалда адаб-хIурмат гьабуна нижер.

Бицана шагIирасул гIумрудул ва творческияб хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ. Гьединго нижеца хIисабалде босун букIана ЦIада росулъеги щун, дунялалдаго цIар рагIарав Р. ХIамзатовасул ва гьесул эмен ЦIадаса ХIамзатил рукъ-музеялдеги цоги нухалъ щвезе.

Дунялалдаго цIар арал машгьурал шагIирзаби ЦIадаса ХIамзатил, Расул ХIамзатовасул ва ГIабасил МухIамадил гIумруялъулги, жамгIиябгун политикиябги ва творческиябги хIаракатчилъиялъулги ва шагIирзабазул гьунаралъулги хIакъалъулъ бицана авар мацIалъул ва литератураялъул учитель ГIабдулгIазиз МухIамадовас.

Гьединго мурад букIана умумузул гIагараб ракьалдехун букIараб гIорхъи гьечIеб рокьиялъеги, ритIухълъиялъеги ва бахIарчилъиялъеги ракIалде щвейлъун бугеб АхIул-ГохIалде зияраталъе щвей.

...росулъе ЦIадаре, Хунзахъ районалъул ЛъагIилухъ росулъ вукъун вугев машгьурав шагIир ГIабасил МухIамадил хабаде ва музеялде. Гьединго гьенисан Шамилхъалаялде ва АхIул-ГохIде щвана.

Шодрода росдал гьоркьохъеб школалда гIададлъун лъугьун буго школалда ва класстун къватIир тIоритIулел тадбиразулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабурал ва гьенир бергьенлъабиги росарал цIалдохъабазе материалиялги моралиялги шапакъатал кьолеб къагIида. Гьел шапакъатазде гъорлъе уна республикаялъул таварихиял бакIазде тIоритIулел экскурсиябиги.

Гьеб экскурсия гьабиялъул аслияб мурад букIана Хунзахъ районалъул нухда ратулел росабалъе щвей, гьелъул тIабигIат лъазаби, гьенире унаго нухда батулеб щайихасул хабада аскIоре лъалхъи ва Абулмуслим щайихасул хабаде зияраталъе щвей ва гьединго ЛъагIилухъ росулъ вукъун вугев, машгьурав шагIир ГIабасил МухIамадил хабаде зияраталъе щвей ва гьесул музей бихьи.

Экскурсиялда гIахьаллъи гьабурал магIарул мацIалъул ва литератураялъул учитель ГIабдулгIазиз МухIамадовасул, гьесул чIужу ХIайибатил, Шодрода росдал Культураялъул рукъалъул директор Къурбанди МухIамадовалъул, историялъул учительница ПатIимат МухIамадовалъул ва 9-11 классалъул цIалдохъабазул рекIее кIудияб асар гьабуна ГIабасил МухIамадил

Экскурсиялда рукIарал цIалдохъабазеги нижееги кIудияб патриотикияб асар гьабуна АхIул-ГохIалъ ва гьелъул таварихалъ. РакIчIун абизе кIола нижер экскурсия букIанин патриотикияб ва рухIияб рахъалъа пайдаяб ва хIасил кьураблъун.

Зама-заманалдасан гьединал экскурсиял гIун бачIунеб гIелалъе тIоритIизе чара гьечIого хIажатал руго.

Гьелъ квербакъула гIун бачIунеб гIелалъулъ патриотикияб тарбия-лъай кьеялъул даража жеги борхизабиялъе, дагъистаниязул умумузул ракьалъул таварих лъазабиялъе ва гьелдехун бугеб рокьи жеги цIикIкIинабиялъе, халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щула гьабиялъе ва умумузул бахIарчиял ишазул мустахIикъал ирсилаллъун рукIине.

Нижер экскурсия тIобитIиялъе гIарцулаб квербакъи гьабурав Шодрода росдал администрациялъул бетIер Шамиль ГIабдурашидовасеги баркала буго.

***П. МУХIАМАДОВА***

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Уважаемые женщины!

При администрации МР «Ботлихский район» в кабинете Совета ветеранов войны, труда, правоохранительных органов организован прием женщин для оказания содействия в решении их семейных проблем.

Дни и часы приема:

Понедельник, четверг- с 14.00 до 16.00ч.

Прием ведет председатель Совета женщин при главе МР «Ботлихский район» Дамаданова С. Н.

Телефоны-2-20-15; 8-903 428 02 67.

1994 соналъ Болъихъ къасисеб гьоркьохъеб школалъ Муслимов Райдин МухIамадовичасул цIаралда кьураб А №368351 аттестат билун буго.

Жакъа къоялдаса нахъе гьеб **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.

1997 соналъ АнсалтIа гьоркьохъеб школалъ Абакаров ГIумар МухIамадшариповичасул цIаралда кьураб А 0293711 аттестат билун буго.

Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.

1993 соналъ Кьохъ гьоркьохъеб школалъ МаламухIамадов МухIамаднур ГIабдулбасировичасул цIаралда кьураб №017444 аттестат билун буго.

Жакъа къоялдаса нахъе гьеб **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.


**Газета гIуцIарал:** Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

**Учредители:** Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

**БетIерав редактор** ГI. ГIумаханов

**Редакторасул заместитель** А. Агъларов

**Жавабияй секретарь** З.ГIумарова

**Отделалъул редакторал** Ш. Лабазанов, П. Дибирова

**ГЬУДУЛЛЪИ**

Тираж 1000

**Мухбирзаби** З.МухIамадова/М.ГIумаханова

**Наборщица** П. Эльдарова

**Фотокорр.** Ш.Муртазалиев

**Дизайнер** А. Назирбекова

**Программист** А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*